



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 16 jiyè 2012

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA POU EDE PWOTEJE ADOLESAN NEW YORK YO KONT RISK POU SANTE YO NAN BWONZAJ ANDEDAN SALON YO

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen pwojè-lwa pou pi byen pwoteje adolesan yo kont ekspozisyon danjere nan radyasyon UV lè li diminye aksè yo nan enstalasyon pou bwonzaj andedan salon yo. Nouvo lwa a entèdi timoun ki poko gen laj 17 tan itilize aparèy bwonzaj andedan salon yo, epi li egzije adolesan ki gen laj ant 17 ak 18 tan pou yo jwenn konsantman paran yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Ekspozisyon nan radyasyon iltravyolè kapab trè-trè nuizib, sitou pou pi jèn moun yo, epi nouvo lwa sa a pral ede pwoteje adolesan yo kont gwo risk pou yo gen kansè po ki kapab vini nan itilizasyon aparèy bwonzaj andedan salon yo. Pwojè-lwa sa a rekonèt anpil salon bwonzaj se ti biznis ki gen pwoblèm ekonomik, men, pwoteksyon timoun nou yo dwe toujou premye priyorite nou. Mwen di Senatè Fuschillo ak Manm Asanble Weisenberg mèsì pou travay di yo sou pwojè-lwa sa a.”

Dapre lwa ki te la anvan, moun ki poko gen laj 14 zan te gen entèdiksyon pou itilize aparèy radyasyon iltravyolè, epi moun ki te gen laj ant 14 ak 18 tan te gen obligasyon pou prezante siyati yon paran oswa yon responsab legal yo. Dapre pwojè-lwa Gouvènè a te siyen jodi a, timoun minè ki gen laj 16 ane ak mwens ap gen entèdiksyon pou itilize aparèy bwonzaj iltravyolè andedan, epi konsantman paran yo ap obligatwa pou timoun ki gen laj 17 ak 18 tan. Lwa sa a ap anvigè nan 30 jou.

Senatè Charles J. Fuschillo di konsa, “Rechèch yo fè montre bwonzaj iltravyolè andedan salon kapab gen gwo danje posib ladan; li ogmante risk pou devlope kansè po, epitou li ekspoze po moun yo nan radyasyon iltravyolè ki gen nivo ki pi wo delwen pase sa solèy la pwodui. Nouvo lwa sa a pral ede pwoteje timoun yo kont yon bagay ki kapab lakòz yo gen pwoblèm sante grav pidevan nan lavi yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen li.”

Manm Asanble Harvey Weisenberg di konsa, “Malerezman, bwonzaj andedan salon nan laj bonè se youn nan bagay moun ap viv pou regrèt. Mwen di Gouvènè a mèsì poutèt etap enpòtan sa a pou evite kansè.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418